



Fich Enfòmasyon pou Pwopriyetè yo: Dwa Lojman pou Lokatè ki Fèt Aletranje

3 PAJ

Entwodiksyon

Fich enfòmasyon sa a gen pou objektif enfòmasyon pou pwopriyetè yo sou lwa konsènan diskriminasyon, asèlman ak reprezay kont lokatè imigre ak moun k ap chèche kay.

Li ilegal pou w fè diskriminasyon kont lokatè sou baz karakteristik pwoteje

- Lwa sou dwa moun nan Eta New York entèdi pwopriyetè oswa ajan li pou diskrimine kont lokatè sou baz sèten karakteristik pwoteje, tankou ras, sitwayènte oswa estati imigrasyon, orijin nasyonal, kwayans/relijyon, koulè, andikap, idantite oswa ekspresyon sèks, oryantasyon seksyèl, estati militè, laj, sèks, estati matrimonyal, estati famiyal (prezans timoun minè nan kay la), sous revni legal, estati kòm viktim vyolans domestik, ak arestasyon an atant oswa sèten kondanasyon ki te rezoud an favè moun nan. Anplis, sèten lwa lokal, tankou Lwa sou Dwa Moun Vil New York, entèdi diskriminasyon kont lokatè ak moun k ap chèche kay sou baz karakteristik pwoteje.

Lwa sa yo rann ilegal, pami lòt zak diskriminatwa, (1) refize lwe, vann, bay an lokasyon, oubyen nenpòt lòt fason pou kenbe oubyen refize lojman sou baz sèten karakteristik pwoteje; (2) mete diferan tèms oswa kondisyon oswa bay sèvis inegal sou baz sèten karakteristik pwoteje; (3) refize fè aranjman rezonab nan règ, politik, pratik, oswa sèvis yo, lè aranjman sa yo ka nesèsè pou bay yon moun ki andikape opòtinite egal pou itilize epi jwi yon lojman; (4) fè, enprime, pibliye oswa distribye deklarasyon oswa piblisite diskriminatwa; (5) fè fo reprezantasyon sou

disponibilite kay sou baz sèten karakteristik pwoteje; (6) entèfere, fòse oswa entimide moun k ap chèche egzèsè dwa yo; (7) asele, menase, entimide oswa fòse yon moun sou baz yon karakteristik pwoteje (8) fè reprezay kont yon lokatè k ap chèche fè respekte dwa li.

Li ilegal pou yon pwopriyetè oswa reprezantan li fè diskriminasyon kont yon lokatè kèlkeswa estati imigrasyon li. Pa egzanp:

- Yon pwopriyetè ki refize repare apatman yon lokatè paske lokatè a gen orijin meksiken vyole lalwa. Lokatè sa a gen dwa ak reparasyon legal, kèlkeswa estati imigrasyon li.
- Yon pwopriyetè ki sèlman mande enfòmasyon sou orijin ak prèv sitwayènte nan men yon moun ki soti nan Sid Azi, men pa pou tout lòt moun, ap vyole lalwa. Moun sa yo gen dwa ak reparasyon legal, kèlkeswa estati imigrasyon yo.
- Yon pwopriyetè ki sèlman mande yon moun ki gen orijin afriken yon lwaye oswa depo garanti ki pi wo ap vyole lalwa. Moun sa yo gen dwa ak reparasyon legal, kèlkeswa estati imigrasyon yo.

Li ilegal pou w asele yon lokatè - Lè yon pwopriyetè asele yon lokatè se yon aksyon ki gen entansyon fòse yon lokatè kite apatman li oswa pou fè li abandone dwa li genyen dapre Lwa sou Estabilizasyon Lwaye oswa Lwa sou Kontwòl Lwaye. Nan Eta New York, yo entèdi yon pwopriyetè oswa ajan li entèfere ak vi prive, konfò oswa trankilite yon lokatè.

Sa gen ladan l koupe oswa diminye sèvis yo, fèmèn yon lokatè deyò nan apatman li, oswa menase li pou fòse li ale.

Li ilegal pou yon pwopriyetè oswa reprezantan li asele yon lokatè, kèlkeswa estati imigrasyon li. Pa egzanp:

- Yon pwopriyetè ki etenn chofaj yon lokatè pandan sezon ivè a pou fòse l ale, ap vyole lalwa. Lokatè sa a gen dwa ak reparasyon legal, kèlkeswa estati imigrasyon li.

Li ilegal pou w fè reprezay kont lokatè yo - Lwa Eta New York la pwoteje lokatè yo kont reprezay lè yo chèche reklame dwa yo. Li ilegal pou yon pwopriyetè fè reprezay kont yon lokatè paske lokatè a te depoze yon plent epi li te chèche reparasyon legal.

Moun ki fèt aletranje ki lokatè ak lwaye reglemante yo dwe jwenn menm tretman ak lòt lokatè ki gen lwaye reglemante yo - Lokatè k ap viv kounye a nan apatman ak lwaye estabilize oswa kontwòle gen plis pwoteksyon anba lwa New York yo. Pwoteksyon sa yo egziste kèlkeswa estati imigrasyon lokatè yo oswa orijin nasyonal yo.

Lwa sou Estabilizasyon Lwaye ak Kontwòl Lwaye bay lokatè yo pwoteksyon sou fòm limit pri lwaye yo, dwa pou resevwa sèvis yo mande yo, ak pwoteksyon kont ekspilsyon eksepte pou rezon lalwa otorize. Anplis, lokatè lojman estabilize yo dwe kapab renouvle kontra-lwaye yo sof si se pou rezon lalwa otorize. Pwoteksyon sa yo egziste kèlkeswa estati imigrasyon lokatè ki gen lwaye kontwòle a. Pa egzanp:

- Yon pwopriyetè ki ogmante lwaye a nan yon fason ki pa konsistan avèk lwa ak règleman aplikab yo ap vyole lalwa. Yon lokatè gen dwa ak reparasyon legal pou nenpòt vyolasyon kon sa, kèlkeswa estati imigrasyon li.

Li ilegal pou yon pwopriyetè egzije yon lokatè ak lwaye estabilize pou bay enfòmasyon sou estati imigrasyon li oswa nimewo skirite sosyal li kòm yon ondisyon pou renouvle kontra-lwaye li a.1

Lòt egzanp:

- Yon pwopriyetè ki menase lokatè imigran ak ekspilsyon sou baz san fondman oswa ki mande frè siplemantè pou eseye fè yo kite apatman reglemante yo ap vyole lalwa. Lokatè sa yo gen dwa ak reparasyon legal, kèlkeswa estati imigrasyon yo.
- Yon pwopriyetè ki refize fè reparasyon nesèsè nan apatman yon lokatè paske lokatè a fèt aletranje oswa li fè pati yon klas pwoteje ap vyole lalwa. Lokatè sa a gen dwa ak reparasyon legal, kèlkeswa estati imigrasyon li.

Pou plis enfòmasyon sou lalwa ki kouvri lojman ki reglemante yo, gade Fich Enfòmasyon #1 Biwo Administrasyon Lwaye nan depatman Lojman ak Renouvèlman Kominote Eta New York la, Estabilizasyon ak Kontwòl Lwaye. Ou ka jwenn li nan www.hcr.ny.gov.

¹ Tanpri sonje: NYSHRL la pa entèdi verifikasyon sitwayènte oswa estati imigrasyon lè lalwa egzije sa. Anplis, li pa entèdi aksyon defavorab ki baze sou verifikasyon sitwayènte oswa estati imigrasyon kote lalwa egzije sa. Gade NY CLS Exec § 292 (2025).

Kesyon?

Si ou posede Lojman ki reglemante epi ou gen kesyon, kontakte Biwo Administrasyon Lwaye nan depatman Lojman ak Renouvèlman Kominote Eta New York la. Ou ka jwenn enfòmasyon pou kontakte biwo Administrasyon Lwaye a nan fen Fich Enfòmasyon sa a.

Pou plis enfòmasyon, vizite sit entènèt sa yo :

Biwo Nouvo Ameriken yo:

1-800-566-7636

www.newamericans.ny.gov

oswa

Divizyon Dwa Moun Eta New York:

1-844-862-8703

www.dhr.ny.gov



➤ **Rent Connect:**
rent.hcr.ny.gov

✉ **Poze yon kesyon:**
portal.hcr.ny.gov/app/ask

🗨️ **Pou asistans tradiksyon:**
hcr.ny.gov/language-accessibility

➤ **Sit entènèt nou an:**
hcr.ny.gov/rent

Pou vizite yon biwo lwaye nan awondisman an, sou randevou sèlman, tanpri kontakte:

QUEENS

92-31 Union Hall Street
6th Floor
Jamaica, NY 11433
718-482-4041

BROOKLYN

55 Hanson Place
6th Floor
Brooklyn, NY 11217
718-722-4778

UPPER MANHATTAN

163 W. 125th Street 5th Floor
New York, NY 10027
212-961-8930

LOWER MANHATTAN

25 Beaver Street
New York, NY 10004
212-480-6238

BRONX

1 Fordham Plaza
4th Floor Bronx,
NY 10458
718-430-0880

WESTCHESTER

75 South Broadway 3rd Floor
White Plains, NY 10601
914-948-4434